



Arnold W. Amthor
Chief of Police

City of Newburgh Police Department

55 Broadway Newburgh, NY 12550

(845) 561-3131 (Main)

(845) 561-9052 (Fax)

www.cityofnewburgh-ny.gov



Joseph P. Donat
City Manager

PLAN AN

Dapre pwosesis ki derape nan Vil Newburgh selon manda ki defini nan Lwa Egzekitif 203 Eta New York la, men sa ki plan daksyon nou an. Pwosesis mizanplas la te deja kòmanse, epi li pral kontinye pandan tout ane 2021 an jiskaske tout aspè plan sa a fin akonpli.

PWEN nimewo 1-Ogmante pwogram anyèl fòmasyon kontini an nan tout departman an pou gen ladan sa ki annapre yo :

- | | |
|-------------------------------------|------------------------------|
| • RELASYON KOMINOTÈ | Omwen kat (4) Èdtan Chak ane |
| • PATIPRI-SOUZANTANDI | Omwen kat (4) Èdtan Chak ane |
| • PRIZ KONSYANS KILTIRÈL/ANTI-RASIS | Omwen kat (4) Èdtan Chak ane |
| • BESE TANSYON | Omwen kat (4) Èdtan Chak ane |

PWEN nimewo 2-Jesyon Kòlèk Done ak Divilgasyon :

Apati 1^{ve} janvyè 2021 departman polis la ap fè yon revizyon chak ane sou sa ki annapre la yo :

- Tout ensidan ki te gen ladan nenpòt Itilizasyon Lafòs/Repons kont evènman Rezistans, kalite fòs ki itilize a(yo) ak rezilta ankèt swivi yo.
- Tout Plent Sivil yo, kalite plent lan (yo), ak rezilta yo.
- Tout Entèvyou/Arè Souleteren ki fèt dapre Lwa Lokal "Dwa-pou-Konnen" an, sa gen ladan ras, sèks ak anplasman kontak yo.

Yo pral rasanble done sa yo epi mete yo nan yon Rapò Anyèl ofisyèl Departman Polis la.

PWEN nimewo 3-Departman polis la pral ogmante transparans li nan kominote l ap sèvi a :

- Yo pral mete sou sit entènèt lapolis la tout Lòd Jeneral, Politik ak Pwosedi yo.
- Yo pral amelyore sit entènèt lapolis la pou li bay plis enfòmasyon.
- Yo pral ajoute estatistik krim chak mwa, rapò aktivite lapolis dapre chif travay ak pwodiktivite.
- Yo pral ajoute yon Sondaj Opinyon Kominote a.
- Y ap ajoute yon Fòm Plent Sivil sou entènèt.

PWEN nimewo 4-Ekipman :

- Depatman polis la pral egzamine lòt opsyon mwens ke mòtèl ki gendwa egziste epi ki gendwa pa deplwaye aktyèlman.
- Y ap ranplase ak youn ki tounèf Sistèm Kamera sou Kò (Body Worn Camera, B.W.C.) ki la yo, ki gen plis pase senkan (5 lane).

PWEN nimewo 5-Revizyon Lòd Jeneral yo :

Pandan pwosesis 203 an, Komite a te egzamine plizyè politik, epi kòm rezilta, plizyè chanjman te fèt baze sou sèten rekòmandasyon manm Komite yo te fè. Pandan reyinyon nou yo, yo te egzamine Lòd Jeneral Depatman an ki annapre la yo :

- Lòd Jeneral #A-011 (Repons kont Rezistans)
 - Entèdi itilizasyon klekou
 - Metete itilizasyon K-9 nan Seri Konplè Itilizasyon Lafòs
 - Ajoute seksyon “Devwa pou Entèvni”
- Lòd Jeneral #O-005 (Kanpe Veyikil ak Trafik)
- Lòd Jeneral #O-039 (Entèvansyon pou Sitiyasyon Kriz ak Asistans Malad Mantal yo)
- Lòd Jeneral #T-002 (Fòmasyon Kontini)
 - Ajoute fòmasyon anplis ki endike anwo a chak ane
- Lòd Jeneral #A-021 (Manda)
- Lòd Jeneral #O-038 (Kamera yo Mete sou Kò)
 - Amelyore sistèm ki deja egziste a
- Lòd Jeneral #O-039 (Ekip Entèvansyon pou Kriz)
- Lòd Jeneral #A-015 (Disiplin Depatman an)
 - Retire tout referans nan Lwa 50-A Sèvis Sivil NYS lan
- Lòd Jeneral #A-014 (Afè Entèn)
 - Kreye nouvo Fòm Plent Sivil an Anglè ak Panyòl
 - Voye de (2) sipèvizè nan Fòmasyon nan Ankèt Afè Entèn

PWEN #6-Pratik Lapolis :

- Depatman lapolis ap voye yon lèt bay plizyè ajans deyò pou mande patisipasyon nan reyinyon konjwen, pou diskite sou itilizasyon sèvis sante mantal pou ede lapolis reponn pou kriz ak jere moun ki nan sitiyasyon kriz.

PWEN #7-Operasyon Lapolis :

- Depatman lapolis pral egzamine deplwaman aktyèl polisye patwouy ann inifòm yo selon “sistèm zòn” ki la aktyèlman an, epi li pral konsidere reyoryante sistèm lan pou montre pi byen demografi aktyèl Vil la.
- Vil la ap bay priyorite pou deplasman katye jeneral lapolis aktyèl la nan yon nouvo anplasman nan 12-18 mwa, pandan l ap rete nan anbalavil.

PWEN #8-Pwosesis Rekritman :

- Depatman polis la pran angajman pou anboche polisye ki fè pati minorite yo, epi li pral rete konsa.
- An 2021 ak pi lwen, yo pral ankouraje manm nan kominote a pou yo patisipe nan pwosesis anbochaj nan tout nouvo polisye yo.

PWEN #9-Reyinyon Kominotè :

- Reyinyon kominotè yo pral fèt regilyèman, omwen 1-2 fwa pa mwa. Katye a pral dirije reyinyon sa yo, epi Chèf Polis la ak yon “kontak katye” (Sèjan) deziyen ki soti nan depatman an pral sipèvize yo. Pral gen okazyon regilyèman pou tout moun angaje yo nan yon dyalòg onèt, fran ak transparan avèk reprezantan lapolis yo. Anplis, yo pral ankouraje nenpòt nan anpil òganizasyon yo vin asiste, sa gen ladan N.A.A.C.P. ak lòt yo.

PWEN #10-Inite Sèvis Omonye Lapolis

- Depatman polis la pral òganize yon gwoup ki gen divès kalite manm klèje, avèk yon ekilib egalego pou fè parèt demografi Vil Newburgh la aktyèlman. Inite sa a pral travay avèk lapolis ak kominote a pou amelyore relasyon yo, reponn pou ensidan kritik, epi sèvi pou soutni polisye yo, viktim krim yo ak fanmi yo nan moman kriz yo

PWEN #11-“Pouvwa Manda” pou Komisyon Relasyon Kominotè ak Revizyon Lapolis (Police Community Relations & Review Board, PCRRB)

- Vil la angaje pou fè yon revizyon legal an pwofondè e konplè pou ogmante otorite PCRRB an gen aktyèlman pou gen pouvwa manda lè y ap mennen ankèt sou plent kont manm depatman lapolis la.

PWEN #12-“Espwa olye Menòt”

- Depatman polis la pral lanse pwogram sa a nan Vil Newburgh nan yon efò pou pwopoze lòt chwa alaplas arestasyon lè yo annafè ak moun ki soufri adiksyon abi sibstans. Newburgh Christian Ministerial Fellowship pral yon patisipan aktif tou nan kolaborasyon sa a.

PWEN #13-Amelyore Pwogram SNUG lan pou mete Christian Ministerial Fellowship ladan antanke pati konsène

- Depatman polis la ak patnè SNUG li yo te kòmanse dènyèman, epi yo pral kontinye devlope yon plan daksyon pou angaje moun ki nan risk pou vyolans ak zam, ansanm ak Christian Ministerial Fellowship ki fèk antre a.